

SI OU SE VIKTIM VYOLANS NAN KAY, LAPOLIS AK TRIBINAL YO KAPAB EDE OU.

Sa Lapolis Kapab Fè:

- *Ede ou jwenn yon kote ki gen sekirite, yon kote ki lwen vyolans lan.
- *Ba ou enfòmasyon sou fason tribinal kapab ede pwoteje ou kont vyolans lan.
- *Ede oumenm ak timoun ou yo jwenn swen medikal pou nenpòt chòk nou te resevwa.
- *Ede ou pran efè nesèsè ou nan kay ou.
- *Ba ou kopi rapò lapolis sou vyolans lan.
- *Fè yon plent devan tribinal penal, epi fè ou konnen kote tribinal penal ak tribinal fanmiyal lokal ou ye.

Sa Tribinal yo Kapab Fè:

- *Si moun ki fè ou mal la oswa ki menase ou an se yon manm fanmi menm san oswa fanmi nan maryaj, oswa si se yon moun ou gen yon timoun avèk li, oswa se yon moun ou gen oswa ou te gen yon relasyon entim avèk li, lè sa ou gen dwa pou pote zafè ou an devan yon tribinal fanmi, oswa yon tribinal penal, osinon devan toude.
- *Fòm ou bezwen yo disponib nan tribinal fanmi ak tribinal penal.
- *Tribinal yo kapab deside bay yon lòd pwoteksyon tanporè pou ou, pou timoun ou yo ak pou nenpòt temwen ki ka mande youn.
- *Tribinal fanmi gendwa nonmen yon avoka pou ede ou nan tribinal la si yo jwenn ou pa gen mwayen pou pran youn.
- *Tribinal fanmi ka bay lòd pou sipò timoun pwovizwa ak lagad pwovizwa timoun ou yo.

Men Kisa Lwa New York Deklare: Èske ou se viktim vyolans nan kay? Si ou bezwen èd touswit, ou kapab rele 911 pou lapolis vin kote ou. Ou ka rele tou yon liy dirèk pou vyolans nan kay. Ou ka gen yon konvèsasyon konfidansyèl avèk yon defansè nan liy dirèk la konsènan èd ou ka jwenn nan kominote ou ansanm ak: kote ou ka jwenn tretman pou chòk, kote ou ka jwenn refij, kote ou ka jwenn sipò, ak sa ou ka fè pou ou an sekirite. Nimewo Liy Dirèk 24 èdtan Eta New York la pou Vyolans nan Kay ak Vyolans Seksyèl se 1-800-942-6906. Yo ka ba ou enfòmasyon nan anpil lang. Si ou soud oswa ou tande di, rele 711. Men kisa lapolis kapab fè: Yo ka ede oumenm ak timoun ou yo jwenn yon kote an sekirite tankou kay yon fanmi oswa yon zanmi osinon yon chèlètè nan kominote ou. Ou ka mande ajan an pou li mennen ou oswa pou li ede oumenm ak timoun ou yo ale nan yon kote ki gen sekirite nan kominote ou. Yo ka ede ou konekte ak yon pwogram lokal pou vyolans nan kay. Yo ka ede ou ale nan yon lopital oswa klinik pou jwenn swen medikal. Yo ka ede ou pran efè pèsònèl ou. Yo dwe fè yon rapò ki endike ensidan an. Yo pral ba ou yon kopi rapò lapolis sa a anvan yo kite sèn ensidan an. Rapò a gratis. Yo gendwa, epi pafwa yo oblije, arete moun ki te fè ou mal la si ou se viktim yon zak penal. Yo ka lage moun yo te arete a nenpòt lè, kidonk li enpòtan pou ou planifye pou sekirite ou. Si yo te abize ou oswa yo te menase ou, men kisa ou kapab mande lapolis oswa pwokirè distri a fè: Depoze yon plent penal kont moun ki te fè ou mal la. Mande tribinal penal la pou li bay yon lòd pwoteksyon pou oumenm ak timoun ou si pwokirè distri a depoze yon dosye penal nan tribinal la. Ba ou enfòmasyon sou fason pou depoze yon petisyon pou enfraksyon fanmiyal nan tribinal fanmi lokal ou. Ou gen dwa tou pou mande tribinal fanmi an yon lòd pwoteksyon pou oumenm ak timoun ou yo. Men kisa ou kapab mande pou tribinal fanmi fè: Pou petisyon ou pou enfraksyon fanmiyal depoze menm jou ou prezante nan tribinal la. Pou yo tande demann ou an nan tribinal menm jou ou depoze li a oswa nan pwochen jou tribinal la louvri. Se yon jij sèlman ki ka bay yon lòd pwoteksyon. Jij la fè sa nan kad yon dosye tribinal penal oswa tribinal fanmi kont moun ki te fè ou mal la. Yon lòd pwoteksyon nan tribinal fanmi oswa nan tribinal penal ka endike: Pou lòt moun lan pa gen okenn kontak oswa kominikasyon avèk ou nan kourye lapòs, nan telefòn, sou konpitè oswa an pasan pa lòt moun. Pou lòt moun lan rete lwen oumenm ak timoun ou yo, kay, travay oswa lekòl ou. Pou lòt moun lan pa atake, tizonnen, menase, trangle, oswa komèt yon lòt enfraksyon fanmiyal kont ou oswa kont timoun ou yo. Pou lòt moun lan remèt renmèt zam a fe li ak lisans zam a fe li, epi pou li pa resevwa okenn lòt zam a fe. Pou ou gen gad pwovizwa timoun ou yo. Pou lòt moun lan peye sipò timoun pwovizwa. Pou lòt moun lan pa fè bèt kay ou oswa bèt sèvis ou yo mal. Si tribinal fanmi fèmen paske se lannwit, yon wikenn, oswa yon jou ferye, ou ka ale nan yon tribinal penal pou mande yon lòd pwoteksyon. Si ou pa pale Anglè oswa ou pa kapab pale Anglè byen, ou ka mande lapolis, pwokirè distri a, oswa tribinal penal oswa tribinal fanmi pou yo ba ou yon entèprèt ki pale lang ou an. Entèprèt la ka ede ou eksplike kisa ki te pase. Ou ka jwenn nan tribinal fanmi lokal ou fòm ou bezwen yo pou mande yon lòd pwoteksyon. Ou ka jwenn yo sou entènèt tou nan: www.NYCourts.gov/forms. Ou pa bezwen yon avoka pou mande yon lòd pwoteksyon. Ou gen dwa pou jwenn yon avoka nan tribinal fanmi an. Si tribinal fanmi konstate ou pa gen mwayen pou peye yon avoka, li dwe fè ou jwenn youn gratis. Si ou depoze yon plent oswa yon petisyon devan tribinal fanmi, yo pral mande pou ou jire se laverite paske se yon zak li ye si ou depoze yon dokiman jiridik ou konnen ki fo. (Lwa Pwosedi Penal Eta New York, Seksyon 530.11 (6))

**LIY DIRÈK 24 ÈDTAN ETA NEW YORK
POU VYOLANS NAN KAY AK VYOLANS SEKSYÈL
1-800-942-6906**

**Ann Anglè ak Panyòl, Aksesibilite nan Plizyè Lang
Sèvis Relè Nasyonal pou Moun ki Soud oswa Moun ki Tande Di: 711**

**VIL NEW YORK (tout lang yo)
1-800-621-Hope (4673) oswa 311**

ENFÒMASYON SOU TRIBINAL

Vil New York—Enfòmasyon sou Tribinal Penal
1-646-386-4500

Pou jwenn enfòmasyon sou tribinal pou lòt zòn Eta New York, mande ajan ki vini an nimewo tribinal yo, tcheke nan anyè telefòn ou, oswa rele Liy Dirèk pou Vyolans nan Kay ak Vyolans Seksyèl (1-800-942-6906)

ENFÒMASYON AK AVI POU VIKTIM CHAK JOU (VICTIM INFORMATION AND NOTIFICATION EVERYDAY, VINE)

Viktim yo ka resevwa enfòmasyon konsènan sityasyon ak dat liberasyon moun yo fèmen nan penitansye Eta oswa prizon lokal yo nan Eta New York. Pou jwenn plis enfòmasyon sou pwogram sa a ak fason pou ou enskri, rele nan

1-888-VINE-4NY (1-888-846-3469) oswa www.vinelink.com

ENFÒMASYON AK AVI OTOMATIZE NAN TOUT ETA A POU VIKTIM (STATEWIDE AUTOMATED VICTIM INFORMATION AND NOTIFICATION, SAVIN-NY)

Pwogram avi pou viktim ki pèmèt viktim vyolans nan kay yo enskri pou yo resevwa avi lè yo bay yon Lòd Pwoteksyon Tribinal Fanmi
www.nyalert.gov